

Idantifikasyon ak Verifikasyon Sit Founisè Sèvis Enfòmèl Gad Timoun

Tout founisè sèvis enfòmèl gad timoun yo (ke yo rele tou gadri fanmi ki egzante legalman ak founisè gadri nan kay yo) dwe bay prèv idantifikasyon ak Sit Founisè an pou yo ka enskri nan ACS epi resevwa peman. Tanpri soumèt fòm sa a pou chak nouvo timoun ke w enskri.

Non Founisè a: _____

Non Timoun y ap okipe an: _____

Kote Gadri a ye: _____

Kote sa a se (Chwazi Youn): Lakay Mwen Lakay Timoun nan Ni youn ni lòt

Verifikasyon Idantite Responsab la

Tanpri bay **yon** pyès idantite avèk foto nan youn nan tip pyès valab sa yo:

- Pèmi kondui/kat idantifikasyon moun ki pa chofè
- Paspò oswa viza
- Sètifika natiralizasyon oswa sitwayènè
- Kat idantite Lekòl oswa Militè
- Kat Otorizasyon Travay
- Kat Rezidans Pèmanan

[Oswa]

Tanpri soumèt **de** (2) nan dokiman idantite valab sa yo ki pa gen foto:

- Kat Sekirite Sosyal
- Batistè (Akdenesans)
- Sètifika batèm
- Kat èd leta bay (egzanp: Lajan Kach, Medicaid, SNAP)
- Kontra Asirans Vi
- Relve bankè

Verifikasyon Sit Gadri Founisè an

Founisè k ap pran swen Timoun yon fason enfòmèl ka pran swen yon timoun lakay yo, lakay timoun nan, oswa nan youn kay kote ni responsab la ni timoun nan p ap viv. Nan tout sikonstans sa yo, verifikasyon kote founisè an ap bay swen an obligatwa.

Si w responsab pou w bay swen **Lakay Ou**

Tanpri soumèt youn nan tip dokiman sa yo (swa orijinal la oswa yon kopi). Dokiman ki gen youn * pa ka rete pou plis pase 60 jou.

- Kontra lwaye oswa papye kay ki gen non w sou li
- Dosye ipotèk
- Bòdwo taks ou peye pou pwopriyete
- Bòdwo sèvis piblik ki gen adrès ou (egzanp: elektrisite, gaz, chofaj, luil, dlo oswa telefòn fiks)
- Relve/resi lwaye ki gen adrès ki tou enprime*
- Yon relve bankè ki gen adrès ou*
- Dosye lekòl founisè a ki gen adrès ou*
- Deklarasyon mèt kay la sou papye ki gen antèt ofisyèl*

Si w responsab pou w bay swen **Lakay Timoun nan** oswa nan **Yon Lòt Kay**

Tanpri fè pwopriyete a oswa lokatè prensipal kote w ap bay swen an siyen deklarasyon ki anba a. Lòt dokiman pa obligatwa.

Mwen, _____, pwopriyete a oswa lokatè prensipal _____
Non mèt kay/lokatè prensipal la Adrès

apwouve itilizasyon rezidans mwen an pou gadri _____
Non responsab la

Pou _____
Non Timoun nan

Siyati Pwopriyete oswa Lokatè Prensipal la: _____ Dat: _____